

DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK - DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS

PWOSEDI EGZAMEN PRATIK ESPESYALITE NAN ZONG

Sa ki anba la a se yon deskripsyon metòd egzamen nou pral mande ou pou fè.

Nou pral ba ou enstwiksyon ak yon anons kantite tan nou bay pou chak seksyon egzamen sa a. Pa kòmanse okenn nan metòd yo jouk lè nou ba ou enstwiksyon pou fè sa. Nou pa bay pèmisyon pou kandida yo pale youn ak lòt.

Yon men ap resevwa yon maniki avèk dlo ak yon masaj lejè nan sifas la; lòt men ap resevwa yon maniki asèk ak pwosedri avanse nan zong. Chwa men pou itilize pou maniki avèk dlo a ak ki men pou itilize pou maniki asèk la ak pwosedri avanse yo depannde oumenm sèlman. Sa ki anba la a se yon rezime pwosedri avanse nan zong ki obligatwa:

- Pwent yo ap aplike nan nenpòt twa zong men k ap resevwa maniki asèk la:
 - de zong ki gen pwent ap resevwa yon kouch an swa ak yon kouch fib vè
 - yon zong ki gen pwent ap resevwa yon randui akrilik
- Rèz zong natirèl menm men an ap resevwa akrilik sou yon fòm

TANPRI SONJE: Ou dwe montre bon jan metòd sanitasyon ak dezenfeksyon pandan chak aspè egzamen sa a dapre lwa ak règleman konsènan amelyorasyon aparans.

PATI I - PREPARASYON TAB (15 minit)

Lè nou ba ou enstwiksyon pou kòmanse, n ap mande ou pou:

- Etap 1** Retire solisyon dezenfeksyon sifas ki melanje davans lan ak materyèl asosye yo nan twous la epi dezenfekte sifas travay nou ba ou apre metòd ki obligatwa yo. ***Sonje pou tache yon sache pou mete sa ou gen pou jete yo nan estasyon travay ou nan moman sa a.***
- Etap 2** Prepare plato/resipyan dezenfektan ou pou dezenfekte zouti kontamine yo pita. ***Sonje pou prezante resipyan ou pou kontaminasyon san nan moman sa a.***
- Etap 3** Prepare tout zouti ak materyèl ki obligatwa yo nan Pati II egzamen an, nan yon manyè ki pwoteje ak òdone. Itilize dlo nan boutèy espre ou po ranpli rens dwèt la.

PATI II - MANIKI DEBAZ AK PREPARASYON POU PWOSEDI AVANSE (20 minit)

Apre egzaminatè a tcheke tab prepare ou, epi apre li di ou pou kòmanse, ou ta dwe:

- Etap 1** Dezenfekte men ou ak men modèl ou.
- Etap 2** Bay fòm nan zong premye men an avèk yon planch mens oswa lim. (Sa a se men k ap tranpe a, k ap resevwa krèm oswa lwil kouch po, k ap resevwa masaj lejè a, men PA men w ap itilize pou pwosedri avanse yo.)
- Etap 3** Mete premye men an nan rens dwèt la pou tranpe ak fòme tout zong ki nan dezyèm men an avèk planch mens oswa lim nan. Sa a se men ou pral itilize pou demontre pwosedri avanse yo nan zong.

- Etap 4** Retire premye men an nan rens dwèt la epi seche li nèt.
- Etap 5** Aplike krèm oswa lwil kouch po a nan zong yo ak nan kouch po premye men an pandan 10-15 segonn.
- Etap 6** Pouse kouch po yo soti nan toulède men yo avèk yon pouswa kitikil. *Tanpri Sonje: Nou P AP aksepte ou koupe kouch po.*
- Etap 7** Pase losyon, lwil oswa krèm nan epi fè yon masaj sifas lejè nan bra ak men k ap resevwa maniki avèk dlo a pandan 1-2 minit avèk OMMEN de diferan masaj klasik.
- Etap 8** Retire film ki nan plak zong lan ak zòn kouch po chak dwèt avèk yon lenjèt zong ki pa gen pwal oswa avèk yon pwent bwa zoranj ki tranpe nan asetòn oswa yon antiseptik.
- Etap 9** Espere zong toulède men yo avèk antiseptik zong lan.
- Etap 10** Vèni zong men ki te resevwa maniki avèk dlo a pou fè li briye.
- Etap 11** Poli/netwaye zong men ki pral resevwa pwosedi avanse nan zong pou retire ekla a.

PATI III - APLIKASYON PWENT AK FASONAJ (25 minit)

Retounen nenpòt materyèl ki pa nesesè ankò pou egzamen an nan twous ou epi prepare sa ki nesesè yo pou fè Pati III ak IV.

Answit w ap aplike pwent yo nan nenpòt twa zong men ki P AT resevwa maniki avèk dlo a. Chak men pral resevwa yon randui annapre: 1 kouch an swa, 1 kouch an fib vè (aktivatè/akseleratè obligatwa), ak 1 randui akrilik.

- Etap 1** Chwazi epi aplike twa pwent yo; si li nesesè, itilize yon lim pou chanje fòm pwent yo pou respekte gwosè zong natirèl yo anvan aplikasyon. *Tanpri Sonje: Nou P AP aksepte pwent fransè.*
- Etap 2** Taye pwent yo nan longè ou vle a avèk zouti apwopriye.
- Etap 3** Melanje pwent yo avèk plak zong natirèl la. *Tanpri Sonje: Nou P AP aksepte pwodui melanj likid.*
- Etap 4** Limen pwent yo pou fasonaj final.

PATI IV - APLIKASYON KOUCH I(30 minit) - Yon total de zong ap resevwa kouch twal

- Etap 1** Koupe kouch an swa yo ak kouch an fib vè yo an fòm debaz.
- Etap 2** Rezève kouch an fib vè yo epi aplike yon kouch an swa sou youn nan zong ki gen pwent yo, pou taye ak kole li yo jan pwosedi yo egzije sa.
- Etap 3** Aplike kouch an fib vè a nan yon zong, pou koupe, kole, ak itilize aktivatè a jan pwosedi a egzije sa.
- Etap 4** Retounen nan zong ki te resevwa kouch an swa a; fasone toulède zong ki vlope yo.
- Etap 5** Vèni toulède zong ki vlope yo epi pase lwil sou yo.

PATI V - APLIKASYON AKRILIK (30 minit)

Retounen nenpòt materyèl ki pa nesesè ankò pou egzamen an nan twous ou epi prepare sa ki nesesè yo pou fè Pati V.

Rès zong ki gen pwent lan pral resevwa randui akrilik de koulè (fransè); rès zong ki pa gen pwent yo ap resevwa yon zong eskilpte sou yon fòm. Zong ki eskilpte a kapab swa yon koulè oswa de koulè.

- Etap 1** Prepare pwodui likid la ak pwodui an poud la.
- Etap 2** Aplike kouch primè nan pòsyon natirèl de zong yo.
- Etap 3** Eskilpte zong natirèl yo avèk fòm.
- Etap 4** Aplike randui akrilik de koulè nan zong ki gen pwent lan.
- Etap 5** Retire fòm nan epi fasone zong ki eskilpte a.
- Etap 6** Fasone zong ki te resevwa randui akrilik la.
- Etap 7** Vèni zong akrilik yo oswa pase lwil ladan yo.
- Etap 8** Prepare espas travay la pou aplikasyon vèni a.
- Etap 9** Prepare tout zong yo pou aplikasyon vèni a.

PATI VI - APLIKASYON VÈNI AK NETWAYAJ (15 minit)

Retounen nenpòt materyèl ki pa nesesè ankò pou egzamen an nan twous ou epi prepare sa ki nesesè yo pou fè Pati VI.

W ap aplike vèni a nan tout dis zong yo jan sa endike anba la a:

- Etap 1** Aplike kouch baz ki klèrèt. *Tanpri Sonje: Nou PAP aksepte randui krèt.*
- Etap 2** Aplike de kouch vèni wouj.
- Etap 3** Aplike kouch anlè a.
- Etap 4** Netwaye vèni ki sou po a oswa nan zòn kouch po a si li nesesè.
- Etap 5** Lè ou fini aplikasyon vèni a, netwaye espas travay ou epi re-anbale tout materyèl yo. Sof si ou resevwa enstwiksyon kontrè, ou ka jete dechè ou yo sou wout pou soti nan sal egzamen an.